## ПРОЦЕССАН ЦХЬАЬНАДАЛАР ГРАЖДАНСКИ ПРОИЗВОДСТВЕХЬ

Зулман процесс йоьдуш йолуш, йа иза чеккхйаьллачул тIаьхь, хIаллакьхиллчун кхин судебни производсво хила там бу. И тайпа “граждански производство” хилла зе меттахь хоттор тIаьхь, йа дIай-схьа кхаьстар тIаьхь хуьлу. И тайп граждански производствах процессан цхьанадалар йалита бакъо хира йу; хIаллакьхиллачун а, ткъа баьхки волчун/йолчун йуькккхера зулман процессан бахьне и делахь.

## ХИЛЛА ЗЕ МЕТТАХХОТТОРХА ЛАЬЦНА

Зуламех ХIаллакьхиллачун бакъо йу шайн хилла зе меттаххотта дайта. Масала;

- шай хIаллакьхилла хIумма меттаххоттор (масала Куьзганаш) тIаьхь,
- психотерапи йоьйтуш, цунах баьлла мах меттаххоттор тIаьхь,
- шайн хилла ницкъ бахьнехь, балхара йуькккхера валар/йалар даьзна, даккхаз дисан ахча меттаххоттор тIаьхь,
- валар-висар дерзош, хилла ахчан зе меттаххоттор тIаьхь,
- ницкъ хилла-даьгIлазар зе меттаххоттор тIаьхь (хадина мах),

Хьехар ду, ма хуьлу сиха цунах лаьцна Информации йовза хьажар, латкъам бан беза хенан тIаьхь ца виса/йиса. Информаци йеха социальни Министерствех, телефон 05 99 88, www.sozialministeriumservice.at йа хIаллакьхиллчера экстрени телефонца 0800 112 112.

## СИХА ГIО ДЕШ ЧО, ГIО АЛСАМ ДО

Хьо, йа хьан бера дегIан ницкъ хилла, йа хийзина ницкъ хилла, йа психически ницкъ хилла дуй шу? Хьо, йа хьан чура нах, цхьанна зулам бахьнехь лазини дуй шу? Ткъа шаьш хIун дан деза ца хууш дуй шу?

Цхьанна зулам бахьнехь ХIаллакьхилларг дукхахьолахь воьхна/йоьхна, балано хьовзийна, собарехь воьхна/йоьхна хуьлу. Цул совнах полици а, суд а, санна йолу урхаллаша, цаьрца лело йеза йуькккхарло, дукхахьолахь ца йоьвзуш нисло. Цунделла сиха а, корматалла а гIо гуттар коьрте ду.

www.justiz.gv.at/internet/prozessbegleitung тIехь билгал йаьхан йу хIаллакьхиллачун гIо деш йолу организацеш цхьалигор бюрократи йоцуш а, маьхза а (бесплатно) гIо до цара хIаллакьхиллачун — полице а, йа прокуратуре латкъам бина белахь-бацахь.

**ГIо а, Информаци**

- Ницкъ хилчарна цIеххьана оьшу зIе 0800 112 112
- www.hilfe-bei-gewalt.gv.at
- www.justiz.gv.at
- www.gewaltinfo.at

## НИЦКЪ ХИЛЧАРНА ЦIЕХХЬАНА ОЬШУ ЗIЕ 0800 112 112

Маьхза а, корматалла а, аноним а гIо ХIаллакьхиллчун а, Урхаллашехь лаьцна Информаци а, ткъа процессан цхьаьнадаларша кхин-дIа болчарна.
Маьхза. Немцой а, ингалсан меттанашкахь.
ХIар Юстицин Министерство кхоьллан инитиатива йу, ткъа ВАЙСЕН РИНГ (WEISSER RING) цIе йолу организацино кхочуш йан тIе лаьцна йу.

ХIинца информаци лаха
**hilfe-bei-gewalt.gv.at**


**Издательствех лаьцна хаам**
Арахецархо: Йуьстицин Министерство
(Bundesministerium für Justiz)
Музеумстраше 7, 1070 Вена
(Museumsstraße 7, 1070 Wien)
justiz.gv.at
Вена, Ноябарь, 2025 шо


CENTER OF LEGAL COMPETENCE

JUSTIZ **Австрийски Юстици**

# НИЦКЪ БАРНА ДОЬХЬАЛ ЖОП ДАН ДОГIУ:

**0800 112 112**
**Маьхза гIо. Аноним. Телефон, йан чат чухула**

Оха гIо до, Iедалца хIоьттина гIуллакхех йукъарло лела йан а, маьхза психо-социальни а, юридически а, процессех дакъа лацарна тIаьхь.

**hilfe-bei-gewalt.gv.at**

**Хьуна хьайн кхечо моббинг йаьш, йан хьайца хьагI лелош социальни машанашкахь хаа делли?**

**ГIо муха деха деза?**

# ХЬАН БАКЪО ЙУ ПРОЦЕССАНА ЦХЬАЬНАДАЛАР!

Йуьстицан Министерство ницкъ хилчарна гIо даьш йолу урхаллашна бакъо ло, ХIаллакьхиллчарна гIо дар тIаьхь. Масала;

- информацийовзийтар тIаьхь,
- консультаци йалар тIаьхь,
- полице а,къеле (суде) а цхьанакхетта дахар тIаьхь,
- ткъа процесс йоьдуш а,шен хенахь а, тIаьхьара а гIо-накъосталла дайтар тIаьхь,
- ткъа ХIаллакьхиллачуншай бакъонашна реже кхача йан а.

Оха гIо до, хьуна тамехь йолу урхалла лахар тIаьхь:

### Бераш - Кегирхойн

Ткъа вай жиманиг хуьлу гуттар алсам гIо-накъосталла оьшуш. Ткъа кхузахь шуна а, шу чурчана а гIо-накъосталла дира ду:

> Ницкъ хилчарна цIеххьана оьшу зIе 0800 112 112
> www.pb-fachstelle.at
> www.gewaltinfo.at

### Зударий

Чохь ницкъ бар а, зударшна IатIкъам бар а, бакъо йоцуш тIаьхь валар/йалар а, зудари лейш санна бохкар, а, и дерриге дагахьбаллам боллушехь гуттар а дерг ду. Ткъа и тайп ницкъ барехь ларош гIо лоцу центраш а, Зударийн экстрени тефонаш а, Зударийн Консультациш а, Зударийн ГIишлонаш а, кхин-дIа и тайп ХIаллакьхиллчарна кхоьллина йу:

> Зударий гIо дан лини 0800 222 555
> Ницкъ хилчарна цIеххьана оьшу зIе 0800 112 12
> www.haltdergewalt.at
> www.gewaltschutzzentrum.at, 0810 955 222
> www.sexuellegewalt.at

### Кхин дIа болу ХIаллакьхиллчарна

Йерриг Австрехь оцу хьокъехь Информаци а, Консультаци а, Iалашо а, ГIо-накъосталла а, Процессан цхьаьнадалар а долуш ду.

> Ницкъ хилчарна цIеххьана оьшу зIе 0800 112 12
> www.weisser-ring.at
> www.neustart.at
> www.männer.at

Процессана цхьаьнадалар тIаьхь гIо-накъосталла даьш йолу урхаллашна ларам хьуна карора бу www.justiz.gv.at/internet/prozessbegleitung.

## ПРОЦЕССАН ЦХЬАЬНАДАЛАР УГОЛОВНИ А, ХААМАН ГIИРШКАХ (СМИ) А ПРОИЗВОДСТВЕХЬ

Судебни производствех процессан цхьаьнадалар тIаьхь гуттар цхьатеррахутту шиъ агIо;

### Психо-социальни процесса цхьаьнадаларша а:

ХIаллакьхилларг судебни процессан тешна хила веза/йеза а, ткъа иза эмоциональни Iаткъамах пархатваккха/йаккха а, цунна гIо-накъосталла дан деза – къаьстина хир долчух Информаци йовзийтар тIаьхь. Йуьхе хоьттина полице а, суьде а, латкъам бан тIера дIа волавелла – гIуллакх чаккхдаллалца, вахар-вар тIаьхь.

Дукхах долчух ХIаллакьхилларг шен ницкъ биначун хьалхахь ца хутту кийтарло йан. Ишттачу меттахь хIаллакьхиллачун процессан цхьаьнадалар тIаьхь гIо до – и тайп бакъо лах, латкъам чу бала а, и кийтарло къаьстина йаьйта а, аьтто боккхуш.

### Юридически процессан цхьаьнадалар а:

Консультаци а, процессанан йохаллехь долу производство дIакхехьа векал вина адвокат ву; Цунан Iалашо йу, хIаллакьхиллачун бакъонаш процессах лар йайта а. Масала; тIаьзар тIедожор тIаьхь а, зенаш меттаххоттор тIаьхь а, кхин-дIа Консультаци йайтар тIаьхь а.

Иштта бакъо йу хааман гIирсан (СМИ) гIуллаккхехь **психо-социальни а, юридически а процессан** цхьаьнадалар нисдан. Масала;

- зе меттаххоттор доьхь,
- хааман гIирсаш декъе озор,
- нагахь санна судо бина сацам Хааман гIирсашца дIакхайкхо эшахь.

Ткъа оцу цхьаьнадалар процессан мах Юстицан Министерствос дIа ло.

### И тайп процессан цхьаьнадалар йаккха бакъо хьенан йу?

Хьара тайп процессан цхьаьнадалар йаккха бакъо йу,

- йа зулам дан дагахь долуш и дар бахьнехь, цу хьокъехь ницкъ хилчун а (масала; дегIан чов йина, йа къола дина ХIАЛЛАКЬХИЛЛАРГ). Йа и саннарг шайх вовзна/йовзна хилар бахьнехь, цунна ницкъ барна,
- йа кхерамаш тисинчун (масала вуьра ву/йуьра йу бохуш),
- йа нуьцкъал лелош ницкъ биначун ( ХIаллакьхилларг хьийзина),
- йа террористически зулам дар бахьнех ХIаллакьхиллчун,
- йа тIаьхьар ца бовлуш, йа интернетчухул, йа гамо лелош хьийзина,
- йа эладит бахьнех, йа тIехдеттар, судо хьалха карарх йина йолу производство дуьйцуш, йа сисаз ваккхар/йаккхар тIаьхь, доцург тIаьхь кхоьллин хIаллакьхиллачун, йа иза и тайп хIал телекоммуникацин гIоьнца, йа компьютер системан гIоьнца лела дина аьлла гучахь даккха аьтто белахь,
- йа ницкъ беш цу хIуман тоьшал хилла Кхиазхой.

Иштта хIаллакьхиллачун чуьра стаг вина (масала цхьан кхечух зулам даьлла, йа авари хилла) процессан цхьаьнадалар гIуллакке хаьжжийна гIо дан догIу.
И тайпа гIо дан догIу, нагахь санна хIаллакьхиллачун процессан цхьаьнадаларан оьшушделахь.
ХIаллакьхиллачух хьолехь хьажжийна хира ду иза.